**दिन–शनिवार** **दिनांक–12.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

देशभरि मे आइ खरापी पर नीक के जीतक प्रतीक विजयादसमीक पावनि–तिहार पूरा श्रद्धाक संग मनाओल जा रहल अछि। पूरा प्रदेश मे हर्षोल्लासक वातावरण अछि। विजयादसमीक अवसर पर राजधानी पटनाक गांधी मैदान मे रावण वधक भव्य कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। कार्यक्रम मे राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, विधानसभा अध्यक्ष नन्दकिशोर यादव सहित कतेको गणमान्य लोकनि सम्मिलित भेलाह। पटनाक गाँधी मैदान मे एहि बेर रावणक अस्सी फीट, कुम्भकरणक पचहत्तरि फीट आ मेघनादक सत्तरि फीट ऊंच पुतला बनाओल गेल छल। संगहि सोनाक लंका सेहो सजाओल गेल छल। पटना आ लऽग–पासक क्षेत्र सँ पैघ संख्या मे लोक सभ रावणवधक कार्यक्रमक देखबाक लेल पहुँचलाह आ लंकादहन कार्यक्रम दृश्य आ आतिशबाजी देखि आनन्दित भेलाह। गाँधी मैदानक अलावा पटना मे सतरह स्थान पर रावण दहन कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

---

प्रदेशक जिला सभ मे सेहो रावण दहन कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। बेतिया सँ हमर संवाददाता जनौलनि जे जिला मे विजयादसमीक संगहि कलश विसर्जन के लऽकऽ उत्साह देखल गेल। बेतियाक जोड़ा शिवालय मे सेहो रावण दहन आयोजित कयल गेल। एहि मे पैघ संख्या मे लोक सभ उपस्थित भेलाह।

---

विजयादसमीक अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशवासी सभ के शुभकामना देलनि अछि। एम्हर, राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो लोक सभ के विजयादसमीक शुभकामना देलनि। राज्यपाल श्री आर्लेकर अपन संदेश मे कहलनि जे ई पावनि हमरा सभ के

सच्चरित्रता, सहिष्णुता, सेवा, करूणा एहेन मूल्य सभ के प्रेरणा दैत अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे लोक सभ सँ सौहार्दपूर्ण वातावरण मे एहि पावनि के हर्षोल्लासक संग मनेबाक अपील कयलनि।

———————————————————————

दक्षिण रेलवेक चेन्नई डिवीजन मे गुम्मिडिपोंडी लऽग कवरपेट्टई मे काल्हि राति भेल ट्रेन दुर्घटनाक उच्चस्तरीय जाँचक आदेश देल गेल अछि। मैसूर–दरभंगा बागमती एक्सप्रेस पोन्नेरी सँ गुजरि रहल छल तखनहि ई ट्रेन ओतऽ ठाढ़ मालगाड़ी सँ टकरा गेल। एहि दुर्घटना मे घायल भेल सोलह यात्रीक विभिन्न अस्पताल मे इलाज चलि रहल अछि। दक्षिण रेलवे महाप्रबंधक जनौलनि जे उच्चस्तरीय समिति द्वारा जाँचक परिणाम अयबाक बाद दुर्घटनाक कारणक पता चलि सकैत। ओ जनौलनि जे मरम्मतिक काज जोर पर चलि रहल अछि। रेलवे सुरक्षा आयुक्त घटनास्थलक निरीक्षण आ स्थितिक समीक्षा सेहो कयलनि। एम्हर, दुर्घटनाक बाद दक्षिण रेलवे दिस सँ दुर्घटनाग्रस्त ट्रेनक यात्री सभ के हुनक गंतव्य धरि पहुंचेबाक लेल चेन्नई सेंट्रल सँ एक विशेष ट्रेन विदा कयल गेल अछि।

———————————————————————

रेडियोक चिर–परिचित व्यक्तित्व रेडियो प्रस्तुतकर्ता आ संगीतकार दरभंगा मे हुनक पैतृक गाम चनौर मे इन्द्रानन्द सिंह झा के आइ भोर निधन भऽ गेल। ओ सतहत्तरि वर्षक छलाह आ पछिला किछु दिन सँ बीमार चलि रहल छलाह। आकाशवाणी दरभंगा सँ ओ अवकाश प्राप्त कम्पीयर आ रेडियों कार्यक्रम गामघर मे खुरखुर भाई के नाम सँ जानल जाइत छलाह। हुनक निधन सँ आकाशवाणी परिवार सहित श्रोता लोकनिक मध्य शोकक लहरि व्याप्त अछि। हुनक निधन पर सामाजिक आ सांस्कृति संगठन हुनका भावपूर्ण श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————

प्रख्यात समाजवादी चिंतक डॉक्टर राममनोहर लोहिया के पुण्यतिथि पर आइ हुनका श्रद्धापूर्वक स्मरण कयल गेल। एहि अवसर पर पटनाक लोहिया पार्क मे आयोजित राजकीय समारोह मे राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, केन्द्रीय मंत्री राजीव

रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित कतेको गणमान्य लोकनि डॉक्टर लोहिया के प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनक श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————————

प्रदेश मे पश्चिमी हवाक प्रभाव सँ तापमान मे धीरे–धीरे कमी दर्ज कयल जा रहल अछि। यद्यपि, तापमान एखनहुँ सामान्य सँ एक–दू डिग्री बेसी बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक वैज्ञानिक जनौलनि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेश मे मौसम शुष्क बनल रहत आ आंशिक रूप सँ मेघ लागल रहत।

———————————————————————

समाप्त